



Majistra Jake Wilson,
Vil Somerville

Opòtinite Lwaye Enklizif Disponib



Apatman Studio 81%-110% revni medyàn pou zòn nan (AMI)
Nou gen tan kontakte tout moun ki sou lis datant yo deja. N ap aksepte nouvo demann aktivman !

Prospect Union Square (50 Prospect Street)



Opòtinite Lokasyon Kay ak yon Pri Redwi

Pri mache pou inite konparab yo kòmanse nan \$2,700, kidonk sa reprezante yon rabè de \$462 pa mwa, selon apatman an / kay la ak revni fwaye a. Fwaye ki elijib pou apatman / kay sa yo dwe gen yon revni ki omwen 81% nan revni medyàn pou zòn nan (AMI) oubyen plis ke sa, men li pa ka depase 110% nan AMI a.

Lwaye a se \$2,238 pa mwa

N ap bay premye mwa gratis ti cheri !

Kijan pou fè yon demann

Etap 1 : Jwenn tout enfòmasyon w yo. Anvan ou kòmanse, prepare enfòmasyon sa yo :

- **Enfòmasyon kontak** (telefòn, imèl, adrès postal)
- **Detay sou fwaye a** (non ak dat nesans tout moun ki fè pati fwaye a)
- **Revni ak aktif** (pou tout manm fwaye ki gen 18 an oswa plis ki pral viv nan apatman an / kay la)

Etap 2 : Mande yon fòmilè demann

- **Sou entènèt** : Eskane kòd QR la oswa vizite sit entènèt ki anba a
- **Imèl** : LotteryInfo@MaloneyProperties.com
- **Telefòn** : (617) 675-1083 | Relè Etazini 711

Ou PA bezwen fich peman salè nan travay ou, atestasyon bankè ni lòt dokiman ki pwouve revni w oswa aktif ou yo (byen w yo) nan etap sa a.

**Limit revni maksimòm
(fikse pa HUD + baze sou kantite moun nan kay
la + % AMI a)**

Kantite moun ki nan kay la	81% AMI-110% AMI
1	\$92,651-\$127,358
2	\$105,851-\$145,552
3	\$119,101-\$163,746
4	\$132,301-\$181,940

**Revni medyàn rejyonal 2025 pou Boston, Cambridge, Quincy, MA-NH MSA
Nou ankouraje detantè bon mobil yo pou yo fè yon demann, epi moun sa yo egzante de egzijans revni minimòm*

Kisa ki pral fèt apre ?

- **Lis datant** : Nou pral revize demann yo nan lòd nou resevwa yo.
- **Lè ou nan tèt lis la** : Nou pral kontakte w pou esplike pwochen etap yo ba w, ki gen ladan soumisyon dokiman, vizit apatman an / kay la, ak verifikasyon kredi/antesdan.
- **Demenaje vin nan kay la** : Apre nou fin konfime ou elijib selon revni w, ou ka siyen yon kontra lokasyon epi demenaje vin rete nan kay la.

Èske w bezwen èd ?

- **Telefòn** : (617) 675-1083 | Relè Etazini 711
- **Imèl** : LotteryInfo@MaloneyProperties.com
- **Ale sou sit sa a** : www.MaloneyAffordable.com pou aprann plis sou pwopriete nou yo epi enskri pou bilten enfòmasyon nou an !



Fòmilè demann yo disponib kounyeya !

Ale sou sit sa a : <https://maloneyproperties.jotform.com/260146406780960>

Moun ki gen andikap epi ki bezwen yon èd oswa sèvis ogzilyè pou kominike byen, materyèl ekri nan yon fòm altènatif, oswa yon modifikasyon rezònab onivo politik ak pwosedi yo, pou yo ka aksede pwogram ak aktivite Vil Somerville yo oswa pou asiste reyinyon yo, ta dwe kontakte Kowodonatris ADA, Adrienne Pomeroy, otelefòn nan nimewo (617) 625-6600 x2059 oswa pa imèl nan adrès apomeroy@somervillema.gov. Si w bezwen plis enfòmasyon, èd/entèpretasyon gratis nan yon lòt lang, oswa pou mande yon amènajman rezònab, tanpri voye yon imèl bay LotteryInfo@MaloneyProperties.com oswa rele (617) 675-1083 | Relè Etazini 711